

«Les Yeux de l'Anse du Clair» GRANMOUNN NAN TOUT KÒ-LI.

Ak: Michel-Ange Hyppolite

Aprèk Jacqueline Beaugé-Rosier fin kite mak plim li nan pwezi branch franse literati Ayiti a, jodi a li deside deklète fòm literè ki rele woman an ak liv li a ki rele: «Les Yeux de l'Anse du Clair» (2001).

Lè nou te fenk louvri woman Jacqueline Beaugé-Rosier a, nou te santi youn mawonay sosyal ansanm ak youn mawonay kiltirèl ki te ap deplòtonnen devan je nou. Sepandan, plis nou te ap rantre nan nannan liv la, se plis nou te remake mawonay la vin transfòm an militans wòdpòte. Youn militans ki sizle an dousè, men ki fèm. Nou pa gen plas pou nou tabli devan je nou tout nivo militans ki anndan liv sa a, men nou kab senpman di nou, si nou ale nan paj 135-136, nan paj 17-18 nou ap jwenn militans sosyal ak militans kiltirèl pou nou pa chape.

Nan youn lòt nivo, nou remake «Les Yeux de l'Anse du Clair» se youn istwa ki byen tanpe nan esans Ayisyen natif-natal nou. Jacqueline sèvi ak pwovèb nou yo. Li sèvi afon ak divès gam imaj li jwenn nan vivasyon nou epi nan langay nou kòm pèp kreyòl. Jacqueline rantre an granmounn kanzo nan domèn mesye ki ekri an franse yo rele «Le merveilleux haïtien» an, epi bò kote pa nou n' ap tradui ak youn mo kou: ISTSWAKONT.

«Les Yeux de l'Anse du Clair» se youn istwa, men se anmenm tan youn kont ki chaje ak pwezi epi ki pote senbòl nan tout kò li. Nou dwe siyale nou, nan langng kreyòl la kont ak istwa pa menm.

Nan «Les Yeux de l'Anse du Clair», nou jwenn youn senbòl dedoubleman kote naratè a, nou vle di mounn ki ap rankonte istwa a, dedouble pou li tounen aktè prensipal istwa a, ki rele «Gédéon». Lè nou rantre nan youn nivo semantik, nou kab remake «Gédéon» se youn pèsanaj bibliki ki jwe wòl pwotektè pou pèp Izrayèl la kòm jij. Piske, ti nou jwèt misye nan istwa a se «Gédéon» an franse. Lè nou pran non sa a nou vire li nan langng kreyòl modèn lan, nou remake non an ban nou «Gede». Epi tout anndan istwa a, ki ap dewoule tankou youn rèv, Jacqueline ap dekri nou youn pèsanaj ki abiye kou Gede nou konn wè nan lari epòk Latousen yo. Sa vle di, istwa a dewoule nan youn nivo mistik pyèmounn pakab neglije. Sou pwen sa a, se konpetans lektè a nan branch lan ki va limite li.

Gen youn lòt nivo senbolik ki parèt nan liv la ankò, se nan tit liv la menm nou jwenn li: «Les yeux de l'Anse du Clair». Lè nou pran tit la pou kont li, nou kab remake se youn bèl imaj powetik, men lè nou manbre lespri nou nan youn nivo natif-natal, grenn imaj franse bout fraz sa a charye a kapab dedouble plizyè fwa anba je nou, epi tout chak dedoubleman ka mennen nou nan youn nivo sans diferan. «Les Yeux de l'Anse du Clair» se tankou mwen ta kab di nou «Gédéon» se youn Antwàn nan Gomye pou Anzèklè. Misye ka wè. Li gen don prevwayans. Poudayè, naratè a di nou depi li te tou piti, li te konn ede zanmi li ki ap soufri anba touman nan men pwofesè yo. «Les Yeux de l'Anse du Clair», se tankou nou ta kab di: pitit sa a se de grenn je nan tèt fanmi li. Konsa, «Gédéon» se de grenn je nan tèt mounn nan kanton an. Yo renmen li pou bonte li. «Les Yeux de l'Anse du Clair», se je ki bay direksyon. Kidonk, «Gédéon» se youn gid pou mounn nan kanton an.

«Les Yeux de l'Anse du Clair» se youn liv total-kapital. Avèk «Les Yeux de l'Anse du Clair» se pwezi, istwakont, ak revandikasyon sosyal ki ap mache men nan men anba menm kouvèti a. Mwen pap kenbe nou lontan. Mwen kab senpman di nou bèl lekti.

Michel-Ange Hyppolite
(Kaptenn Koukourouj)

VANT SIYATI LIV “MARRAINE” NAN LIBRERI MAPOU

Eleen vwayaje. Li soti Kanada rantre Miyami. Youn vwayaj li planifye pou tout zòn lamerik-la. Bi li se denonse kondisyon travayè ayisyen yo nan Sen-Domeng. Youn sityasyon bèt sovaj. Youn kondisyon okenn mounn pa dwe tolere nan syèk n'ap viv jounen jodi-a. Li vwayaje al nan Repiblik



Dominiken yo, rankontre ak ayisyen yo, poze you kesyon. Kòm edikatè ki pase tout vi li ap preche <<Tout mounn se mounn>> kondisyon frè ak sè nou yo revòlte konsyans li. Li ekri woman Marraine nan, youn liv 550 paj.

Seremoni-an te gen 2 pati. Nan premye pati-a Libreri Mapou montre youn dokimantè ki rele SUGAR BABIES koutwazi Doktè Douze. Youn fim ki dechire kè anpil mounn nan asistans-lan opwen yo deplase kite sal-la. Pa gen mounn responsab ki ka konprann kijan dirijan nou yo, aktivis-revolisyonè ayisyen yo; kijan nasyonizini fè tolere youn sityasyon konsa la-a anba bab yo. Ayisyen kase chenn esklavaj depi 1803. 2008 yo travèse Sen Domenng pou y'al kontinye viv nan kondisyon bèt pou satisfè anbisyon gwo zouzounn.

Youn bèl sware refleksyon ki te atire tout kouch sosyal nan kominote-a menm youn jenn gason ki avèg te deplase vin <<tande>> dokimantè-a pandan lòt manm nan asistans lan t'ap tande epi <<wè>> nan ki kondisyon yo t'ap trete frè ak sè nou yo.

N'ap jwenn liv <<Marraine>> nan LIBRERI MAPOU. (pri \$20.00 + h/sh) Tel: 305-757-9922 (5919 NE 2nd Av. Miami, Fl. 33137

Le Comité québécois pour la reconnaissance des droits des travailleurs haïtiens en République dominicaine (CQRDTHRD) est fier de vous inviter à au lancement du livre MARRAINE se tenant du 4 au 6 avril 2008, à Miami.

Ce premier roman, Hélène Koscielniak nous fait découvrir les conditions de vie dans un batey, une agglomération pour travailleurs agricoles, ces braceros forcés d'y vivre encore aujourd'hui comme les esclaves d'antan. Marraine est aussi un roman qui sonde le cœur de deux femmes, si différentes par leur culture et si semblables par leur condition féminine (Suzanne Richard, responsable des communications des Éditions l'Interligne/ revue Liaison).

Les plaisirs inattendus sont les plus doux. Je n'avais aucune attente quand j'ai entamé Marraine. Je ne savais rien de l'auteure, sauf ce qu'en disait sa courte biographie sur le site du Salon du livre de Hearst1(...) Toutefois, il a fallu moins d'un chapitre pour que je vibre au diapason du « cosmos intime » de Normande. Je mourais de savoir comment elle réaliserait son projet fou (...) Quant aux descriptions, par moment quasi cinématographiques, elles campent si bien le décor que nous avons l'impression de fouler nous-même le sol dominicain. Marie-Josée Martin, Ontario Littérature Liaison (no 13)

En effet, après le succès qu'a obtenu Hélène Koscielniak avec son roman, et sa position de finaliste au prix des lecteurs de Radio-Canada 2008, elle poursuit sa foulée en entreprenant une tournée américaine ciblant des villes occupées par la diaspora haïtienne (New York, Boston, etc c'est à confirmer).

Veillez agréer nos plus sincères remerciements !

Pour plus d'informations, prière de contacter :

Paul-André Mondésir (Miami, Floride).
Tél:(786) 325-5442
ou par courriel: PMondesir@afsc.org
Auteure :
Hélène Koscielniak : kosh@ntl.sympatico

Marie-Faye Galarneau
Stagiaire en relations internationales
CQRDTHRD
5174, rue Drolet,

Montréal, QC, H2T 2H2
Tél.: 514-523-2434
comitequebeois@hotmail.com
cqrdrthrdinc@can.rogers.com

40 ANE DEPI MARTIN LUTHER KING TONBE...

Jodi-a 4 avril s'oun jou dèy nan istwa nèg nan peyi Etazini. Sa fè 40 ane pou jou depi zòt te asasinen lidè nèg yo: Martin Luther King nan vil Memphis nan eta Tennessee. Nou konnen ki wòl Martin Luther King te jwe nan goumen pou nèg yo te jwenn dwa sivik ak politik yo. Li t'ap preche non-vyolans. Li pa te dakò pou nèg te nan pran lari ap kraze-brize. Li pa te patizan koupe tèt boule kay. Li te youn modere. Li panse ak rezonnan, ak diplomasi li te ka rive fè zòt konprann enpòtans pou nèg ak blan ak milat viv nan lapè; youn konprann lòt, youn respekte lòt pou devlopman Sosyete-a.

Malgre yo touye li paske li t'ap preche lapè ak larekonsilyasyon jouk kounye-a tout nèg sou latè ap soufri konsekans asasinay sa-a.

Yo asasinen Martin Luther King 4 avril 1968. Jou sa-a se lemond antye ki t'ap kriye pou youn nèg ki pote pri Nobèl Lapè e se ak vyolans, kout zam yo disparèt li.

40 ane deja pase Rev. Martin Luther King te vwayaje al nan youn vil ki rele Memphis Ozetazini pou l'te pote sipò bay youn bann travayè k'ap ranmase fatra ki t'ap pwoteste paske yo t'ap travay bay chwal galonnen alòske se yo k'ap netwaye vil-la; la mete men yo nan tout vye dekonb al jete nan boko. Martin Luther King te gen 39 ane. Koze travayè yo te afekte-l. Li deplase pou l'al pote sipò ak konsèy, Entansyon li se te asosye kesyon dwa sivil li t'ap defann nan ak travayè yo k'ap fè reklamasyon. Li mande pou youn bann lòt enstitisyon kore travayè sanitasyon yo. Li mande tout mounn k'ap travay ak mounn, domestik, elèv, pwofesè, mounn k'ap travay nan restoran toupatou kote kondisyon-an malouk pou yo pran lari. Li nan wout. L'ap vini.

Lavèy, kidonk 3 avril li voye monte youn kokennchenn mesaj. Li di <<Tankou tout mounn mwen ta renmen viv lontan./ Viv lontan se youn men se pa pwoblèm pa-m, se travay Bondye m'ap fè, Bondye va fè volonte-l. Mwen monte sou tèt mòn nan lè mwen gade anba mwen wè latè pwomiz...>>.

4 Avril 1968 pandan li kanpe sou balkon youn motèl ki rele Lorraine Motel nan Memphis-Tennessee, youn ti blan ki rele James L. Ray kit e cache ak yopun gwo kabay tire Martin Luther King. Youn nan bal yo pran-l nan kou. Li mouri frèt;.

Se te dèy. Se tout nèg ki te pran bal sa-a. Mwen sonje mwen jenn ti bway Pòtoprens, lè nouvèl-la tonbe, mwen kriye kon ti bebe. Martin Luther King se Tousaint Louverture tout nèg. Jou sa-a, se konsyans nèg toupatou ki te revòlte. Plis pase 50,000 mounn t'al nan antèman Martin Luther King pou esprime chagren yo ak rekonesans yo.

Ray ansyen kriminèl, evade prizon konfese se li ki te fè zak la. Kèk ane apre, li di: li pa te poukont li. Se te youn michan konplo ki te monte pou yo touye Martin Luther King(non FBI ak CIA nonmen) e se li (Ray) ki te sèvi kòm enstriman-an. Yo arete-l. Li jije. Li mouri nan prizon.

4 Avril, apre lanmò MKL peyi Etazini te pran dife. Plis pase 100 vil leve kanpe. Nèg yo move. Mete dife pasi-pala. Kraze machin. Boule magazen. Gouvenman te blije mobilize plis pase 50.000 solda pou te kalme nèg yo. Yo arete 21,000 mounn, 2,600 blese 50 mounn mouri. E se milyon dola domaj ki fèt. Majorite dezòd dechoukay yo te fèt Wachintonn.

40 ane apre lanmò MLK. Nèg yo toujou la ap veye. Yo kalme yo men ou pa janm konnen kilè endiyasyon ap monte yo ankò: Mizè-a se yo. Soufrans lan se yo. Viv anba pon se yo. Maladi se yo. San asirans se yo. San travay se yo. Grangou se yo.... Youn jou fòk Abraham di sè ase tonè!. Jounen jodi-a ankatimini onson ak anpil fraka nou wè gen "Youn Nèg" k'ap pèse... ak ideyal Touden Louvèti-a, ak ideyal Martin Luther King nan. Noumen Nèg, an nou prepare dyakout nou pou nou pote tayo sipò nou, pote gòl pou nou kore pye bannann lespwa sa-a k'ap boujonnen pou zòt sispenn pilonnen, asasinen lògèy ras nèg-la.

Jan Mapou
Sosyetekoukouy.org
mapoujan@bellsouth.net